# Дарсил тема:
# Ц1адаса Х1амзат
# «Г1умруялъул дарсал ».
# 8 класс

## Дарсил мурад:

- Хъвадарухъанасул г1умру ва творчество лъималазе рагъизе.
- Дандекквеялъул х1акъалъулъ авалияб баян кьей ва гьелъул к1вар рагьи.
- Ц1алул бажари борхизаби.
- Г1адатаб анализалдалъун гьудуллъи – вацлъи нилъер къуват бук1ин баян гьаби.

« Къаникь вукъаниги,

хвел букıунаро,

Халкъалда

нур барал

асарал

тедал»

**Цıадаса Хıамзат**

6.4.13


www.sochi-mountain.ru

# Викторина:

**1.** Кинаб коч1олъан гьал мухъал росун ругел?
Ват1ан эркен гьабизе,
Квер биххарав багьадур,
Дуде инкар гьабурал
Квег1аб рахъалъ ккун буго.

**2. Бух1араб бакъул къоялъ**
**Х1еренго балеб ц1адакь**
**Царай ч1ужу ячунеб**
**Вечералда рук1ана.**

**3.** **Кида гьавурав ва хварав Ц1адаса Х1амзат ?**

**1) 1877 - 1951.**
**2) 1923 – 2003.**
**3) 1934 – 2001.**

**4. Ц1адаса Х1амзатил** кеч1 кинаб ккколеб?

1) **«Дир г1умру»**
2) **« Ашбазалде »**
3) **«Къисмат»**

**Гъванща  хъах1лъаниги,**
**хъах1баяб г1амал**
**Г1одобе рехизе хиял гьабич1о,**
**Херлъун ригь аниги ,**
**Ругьунаб пиша,**
**Гьунарлъун бихьана бихьин-**
**г1анхрида.**





**Хунзахский район селение Цада**

«Дун къватIиве лъугьараб къо-моцI лъазе кIоларо».

« Дир гIумру»

# Хlамзатил ирс ва дарсал

Эбел- инсул адаб цlуне,цlикlкlарасул хъатир гьабе;

Хъизан-лъимал тарбия кьун,тадбиралда ругьун гьаре.

Рекъал- бецал загlипазде ,зияратал гlемер гьаре;

Заманаялъ мугъ рехарал,харабазда гурхlел гьабе.

Ретlунеб ратlлидаса дур ,тlабигlат берцинаб букlа;

Бицунеб рагlиялдаса ,гьабулеб жо лъикlаб букlа.

# 1. Дарс –адабалда бараб

Пасихӏаб мацӏ ,цӏодораб ракӏ ,
Кӏиябгоги къваригӏунеб.

# 2. Дарс-чӀухӀиялда бараб

Воре чӀухӀи гӀодоб рехе,

ГӀадамал кквезе гьин рехе,

ГӀамал гьитӀинавлъун вукӀун ,

Гьалмагъзабазе гъин гьабе.

# 3. Дарс -мацIалда хурхараб

Цин цебе гIузру лъачIого ,

Лъиданиги гIайб чIваге,

ГIадамаздаса ничаб жо

Чи гьечIелъубги гьабуге.

# 4. Дарс -гІакълуялда бараб

Гьеб жо гьедин гурин абун,

Дуда гьикъичІеб жоялъе

Эсда данде инкар ккоге,

Жаваб кьезеги лъугьунге.

## 5. Дарс - гьудул-гьалмагълъиялде

Цо тушманги гıемерилан ,

Азарго гьалмагъ дагьилан,-

Пикру бугеб агьлуялъе

Гьебги гıураб рагıи буго.

# 6.Дарс-хIикматалда бараб

Цо жо лъани ,гIадамаца

ГIемералде дагIба бала,

Лъаларев чи вуцIцIун чIани,

Жаниб хилап тIагIун уна.

# 7.Дарс-реццалда бараб

Кигıан уяб букıаниги ,

Мунго дуцаго веццуге,

«Дун», «дие», «дир», «дицайилан»

Цıекıал рагıаби рицунге.

# 8.Дарс-гӏакълу инсан ворцунеб жо

Гӏакълу буго гӏадамасул
Гаданлъи  борцуне жо.
Битӏарабги тӏекъабги жо
Жанисан бигъулеб матӏу.

# «Гьудул нусгоги дагьав,
# тушман цоги гІемерав»



6.4.13

Рокъобе: Цӏадаса Хӏамзатил

микьабго дарс

рекӏехъе лъазаби.

Баркала къо-мех лъикӀ!